

# BAB 1

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa Sunda beuki dieu beuki kagerus ku jaman. Padahal mayoritas penduduk Jawa Barat asli urang Sunda. Dumasar hasil panalungtikan di Jawa Barat hususna di kota Bandung masarakat jaman kiwari geus ninggalkeun basa indung salaku basa sapopoé (Sobarna, 2007, kc. 1). Saupama basana geus ditinggalkeun tangtu bakal loba jalma anu teu daék diajar basa Sunda. Padahal basa Sunda bagian tina kabudayaan anu kudu dimumulé.

Salasahiji cara pikeun ngamumulé basa Sunda nyaéta ku cara diajarkeun basa Sunda di sakola. Tujuanna dipiharep sangkan siswa bisa parigel maké basa Sunda jeung bisa ngalarapkeun dina kahirupan sapopoé. Nurutkeun Nida jeung Haris (dina Tarigan, 2008, kc. 1) aya opat kaparigelan makéna basa, nyaéta kaparigelan ngaregepkeun (*listening skill*), kaparigelan nyarita (*speaking skill*), kaparigelan maca (*reading skills*), jeung kaparigelan nulis (*writing skills*).

Dumasar kana kaparigelan makéna basa, salasahiji kaparigelan anu kudu dicangking ku siswa téh nyaéta kaparigelan nulis (*writing skills*). Nulis mangrupa kaparigelan dasar anu kudu dipiboga ku unggal jalma. Teu saeutik jalma boga ide alus tapi teu bisa ngébréhkeun dina wangun tulisan. Ku kituna, kaparigelan nulis kawilang penting sabab jadi alat pikeun nepikeun maksud jeung tujuan hasil tina ide (Rosidi, 2009, kc. 3).

Kaparigelan nulis bisa ngaronjatkeun komunikasi sacara tinulis. Ieu hal saluyu jeung pamadegan Tarigan (2013, kc. 3) anu nyebutkeun yén nulis mangrupa salasahiji kaparigelan basa anu dipaké pikeun komunikasi sacara teu langsung jeung jalma lian. Ku cara nulis bisa nepikeun informasi, ide atawa gagasan ti hiji jalma ka jalma séjén.

Luyu jeung data anu aya, yén kaparigelan nulis kaunggel dina kurikulum 2013 revisi 2017 SMP kelas VII. Pangajaran nulis ngawengku nulis pangalaman pribadi, nulis iklan layanan masarakat, jeung nulis sajak (Dinas Pendidikan, 2017, kc. 37). Pangajaran nulis iklan layanan masarakat kawilang penting sabab siswa kudu bisa jeung nyaho kumaha cara nuliskeun iklan layanan masarakat anu merenah. Aspék nulis aya dina kompetensi dasar anu kudu dihontal nyaéta:

**Leni Anggraeni, 2018**

*MÉDIA PHOTOSTORY DINA PANGAJARAN NULIS IKLAN LAYANAN MASYARAKAT*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

7.4.6 *Menyusun dan mengkomunikasikan iklan layanan masyarakat tentang berbagai kegiatan dengan memperhatikan fungsi sosial, struktur teks, dan aspek kebahasaan* (Dinas Pendidikan, 2017, kc. 38).

Dumasar Kompetensi Inti (KI) jeung Kompetensi Dasar (KD), disusun indikator anu rék dihontal nyaéta *menyusun kalimat dalam bentuk iklan layanan masyarakat, dengan memperhatikan fungsi sosial, struktur teks, dan aspek kebahasaan*.

Dumasar fakta di lapangan, kamampuh siswa kana pangajaran nulis iklan layanan masarakat kurang nyugemakeun. Éta hal bisa kapaluruh tina peunteun di handap kriteria ketuntasan minimal (KKM) jeung prosés tanya jawab matéri iklan layanan masarakat. Paktor-paktor anu mangaruhanna bisa ti diri siswa anu teu resep kana pangajaran nulis atawa materi anu kawilang hésé jeung proses pangajaran masih ngagunakeun métode ceramah tanpa ngagunakeun média pangajaran. Padahal, dina pangajaran iklan layanan masarakat mikabutuh média sangkan bisa méré *stimulus* ka siswa dina ngébréhkeun ide/gagasan. Proses pangajaran saperti kitu aya kahéngkéranna nyaéta siswa kurang aktif dina proses pangajaran.

Pikeun ngungkulan éta masalah, réa cara anu bisa ditarékahan ku guru. Salasahijina bisa ngagunakeun média pangajaran anu bisa ngirut siswa kana pangajaran nulis. Dina prak-prakanana teu aya média pangajaran anu sampurna pikeun dipaké dina sagala kagiatan pangajaran. Ku kituna, guru kudu bisa milih modél atawa média anu cocog pikeun ngungkulan masalah-masalah anu disanghareupan ku siswa nalika diajar.

Salasahiji média anu bisa digunakeun dina pangajaran nulis iklan layanan masarakat nyaéta média *photostory*. Média *photostory* salah sahiji narasi anu diwangun ku sababaraha poto sarta disusun jadi hiji topik anu tangtu. Tujuanna sangkan carita miboga galur jeung ngaruntuy (Sugiarto, 2009, kc. 205). Ahli séjén nyebutkeun yén *photostory* nyaéta pamarekan dina nyaritakeun hiji hal ngaliwatan sababaraha poto anu ditambahan ku teks pikeun ngajéntrékeun konteks atawa kasang tukang (Wijaya, 2016, kc. 14). Média *photostory* kaasup kana média gambar atawa *visual grafis*.

*Photostory* dianggap cocok dipaké nalika pangajaran nulis iklan layanan masarakat sabab gambar dina *photostory* bisa mantuan siswa leuwih kréatif nalika nuliskeun informasi anu aya dina iklan sangkan jadi iklan anu hadé. Salian ti éta, *photostory* miboga kaonjoyan nyaéta ngarojong siswa sangkan bisa ngahudangkeun minat siswa (Sadiman, spk., 2009, kc.8). Ieu média pangajaran bakal leuwih ngarangsang imajinasi, ngalatih siswa sangkan mikir sistematis jeung logis, sarta mekarkeun kamampuh siswa dina nulis.

Dumasar uraian di luhur, panalungtik kataji ngagunakeun média *photostory* dina pangajaran nulis iklan layanan masarakat. Média *photostory* kungsi ditalungtik ku Fairuz, K (2017) anu judulna “Média *Photostory* dina Kamampuh Nulis jeung Nyarita Pangalaman Pribadi (Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VII B SMPN 1 Lembang taun ajaran 2016/2017)” anu hasilna yén média *photostory* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis jeung nyarita pangalaman pribadi. Aya ogé Julianti, M (2016) ngayakeun panalungtikan anu judulna “Média *Photostory* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sajak (Penelitian Tindakan Kelas Ka Siswa Kelas VII H SMP Negeri 2 Lembang Taun Ajaran 2015/2016)” anu hasilna yén média *photostory* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak. Sedengkeun, panalungtikan Pratama, T (2014) anu judulna “Média *Photostory* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sajak.” Hasil panalungtikana nyebutkeun yén média *photostory* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa dina pangajaran sajak.

Najan éta panalungtikan sarua nyaéta ngeunaan *photostory*. Tapi, anu jadi pangbédana nyaéta matéri ajar jeung sumber data anu rék ditalungtik. Dumasar panalungtikan saméméhna can aya anu nalungtik kamampuh nulis iklan layanan masarakat di tingkat SMP. Ku kituna, panalungtikan “Média *photostory* dina Pangajaran Nulis Iklan Layanan Masarakat (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII B SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajar 2017/2018)” perlu dilakukeun.

## 1.2 Identifikasi jeung Rumusan Masalah

### 1.2.1 Identifikasi Masalah

Dumasar kasang tukang masalah anu dipedar di luhur kapanggih sababaraha masalah anu perlu diidentifikasi sababaraha hal anu patali jeung média *photostory*.

Panalungtik ngidentifikasi sababaraha masalah, nyaéta:

- 1) kamampuh nulis iklan layanan masarakat siswa kelas VII B kurang nyugemakeun, saperti kurangna kamampuh dina mekarkeun ide atawa gagasan, eusi iklan anu kurang luyu jeung fungsi iklan, struktur iklan teu lengkep, diksi anu kurang merenah sarta ilustrasi iklan anu kurang ngirut;
- 2) proses pangajaran nulis iklan layanan masarakat jarang ngagunakeun média pangajaran. Ieu hal ngabalukarkeun siswa ngarasa bosen dina proses pangajaran jeung nganggap hésé kana pangajaran iklan layanan masarakat.
- 3) média *photostory* can kungsi dilarapkeun dina pangajaran iklan layanan masarakat.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Anapon sababaraha masalah anu baris dipaluruh dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis iklan layanan masarakat siswa kelas VII B SMP Laboratorium Percontohan UPI saméméh ngagunakeun média *photostory*?
- 2) Kumaha kamampuh nulis iklan layanan masarakat siswa kelas VII B SMP Laboratorium Percontohan UPI sabada ngagunakeun média *photostory*?
- 3) Naha aya bédana anu signifikan antara kamampuh nulis iklan layanan masarakat siswa kelas VII B SMP Laboratorium Percontohan UPI saméméh jeung sabada ngagunakeun média *photostory*?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nguji média *photostory* dina pangajaran nulis iklan layanan masarakat ka siswa kelas VII B SMP Laboratorium Percontohan UPI.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan téh boga tujuan pikeun ngadéskrripsikeun:

- 1) kamampuh nulis iklan layanan masarakat siswa kelas VII B SMP Laboratorium Percontohan UPI saméméh ngagunakeun média *photostory*;
- 2) kamampuh nulis iklan layanan masarakat siswa kelas VII B SMP Laboratorium Percontohan UPI sabada ngagunakeun média *photostory*;
- 3) bédana anu signifikan antara kamampuh siswa dina nulis iklan layanan masarakat siswa kelas VII B SMP Laboratorium Percontohan UPI saméméh jeung sabada ngagunakeun média *photostory*.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa dipaké pikeun mekarkeun élmu pangaweruh hususna dina ngawuwuhan tiori ngeunaan média *photostory* dina pangajaran nulis iklan layanan masarakat.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktisi, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat praktis, nyaéta:

- 1) pikeun sakola atawa lembaga, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré sumbangan dina usaha ngaronjatkeun kualitas pangajaran di sakola;
- 2) pikeun guru, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa jadi acuan pikeun guru basa Sunda dina nepikeun pangajaran nulis iklan layanan masarakat;
- 3) pikeun siswa, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pangalaman anu leuwih nyumakeun hususna dina matéri nulis iklan layanan masarakat, tur kamampuhna bisa ngaronjat;
- 4) pikeun panalungtik, bisa nambahan kualitas paélmuan jeung pangaweruh sarta pangalaman dina ngamalkeun tiori perkuliahan di lapangan salaku calon guru anu hadé.

## 1.5 Raraga Tulisan

Sacara gurat badag, raraga ieu skripsi dibagi lima bab, saperti ieu di handap.

BAB 1 Bubuka, ngawengku kasang tukang panalungtikan, identifikasi masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, sarta raraga tulisan.

BAB II Ulikan Tiori, ngawengku panalungtikan saméméhna, raraga mikir, kalungguhan tioritis, jeung hipotésis. Dina ieu bab dipedar sababaraha tiori di antarana tiori média pangajaran hususna média *photostory*, tiori nulis, jeung tiori iklan layanan masarakat. Salian ti éta, aya ogé raraga mikir jeung hipotésis anu aya patalina jeung masalah panalungtikan.

BAB III Méthode Panalungtikan, ngawengku desain panalungtikan, sumber data, instrumen panalungtikan, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data.

BAB IV Hasil jeung Pedaran, hasil tina ieu panalungtikan anu ngawengku kamampuh nulis iklan layanan masarakat saméméh ngagunakeun média *photostory*, kamampuh nulis iklan layanan masarakat sabada ngagunakeun média *photostory*, bédana kamampuh nulis iklan layanan masarakat saméméh jeung sabada ngagunakeun média *photostory*, sarta pedaran hasil panalungtikan média *photostory* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis iklan layanan masarakat.

BAB V Kacindekan, Implikasi jeung Rékoméndasi. Dina ieu bab, panalungtik nepikeun kacindekan tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun, jeung méré saran kana panalungtikan anu salajengna.